

**NILAI BUDAYA SAJRONE TRADHISI SELAPANAN BAYI ING DESA  
DURUNGBEDUG KECAMATAN CANDI KABUPATEN SIDOARJO**  
**(TINTINGAN TINDAKAN SOSIAL MAX WEBER)**

Tri Ratih Agustina<sup>1</sup>

Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

[tri.18009@mhs.unesa.ac.id](mailto:tri.18009@mhs.unesa.ac.id)

Octo Dendy Andriyanto<sup>2</sup>

Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

[octoandriyanto@unesa.ac.id](mailto:octoandriyanto@unesa.ac.id)

**ABSTRAK**

Tradisi selapanan bayi minangka salah sawijine tradisi sing dilaksanakake nalika ana bayi sing yuswane wis ngancik telung puluh lima dina. Kabeh dhaerah isih nglaksanakake Tradisi selapanan, ananging ing Desa Durungbedug iki ana bab sing *has* utawa beda saka liyane. Fokus panliten iki yaiku ngenani proses utawa tatalakune Tradisi Selapanan bayi, ubarampe sing dibetahake sajrone proses Tradisi Selapanan bayi, sarwa wujud tumindak sosial Max Weber sajrone Tradisi Selapanan bayi. Panliten iki gunakake teori tumindak sosial Max Weber sing wis dijelentrehake dadi patang konsep yaiku tumindak tradisional, tumindak afektif, rasionalitas sarana-ancas lan rasionalitas nilai. Sajrone panliten iki gunakake metodhe kualitatif dheskriptif sing dikarepake kanggo nggambarakake lan njelentrehake ngenani Nilai Budaya sajrone Tradisi Selapanan Bayi. Asil saka panliten sing kapisan yaiku masarakat pengin nglestarekake tradisi sing wis dilaksanakake kanthi generasi marang generasi dening leluhur Jawa mligine leluhur Desa. Kapindhoo, nuduhake dene pelaku tradisi kuwi kaiket emosional tumrap leluhur Desa uga wektu proses tradhisine nalika yuswane bayi telung puluh lima dina. Katelu masarakat Desa Durungbedug kanthi sadar bisa nglaksanakake tradisi kasebut amarga duweni kapasitas, yaiku saka segi sumber daya manungsa uga saka aspek finansiale. Kapapat masarakat Desa Durungbedug kasebut pengin ngugemi nilai-nilai budaya, nilai pendhidikan lan nilai religi sing sinandhi sajroneadicara tradisi selapanan bayi. Saliyané iku masarakat uga pengin pikoleh guna utawa manfaat kanthi cara niru lan nglestarekake tradisi leluhur Desa.

**Tembung Kunci:** Nilai budaya, tradisi selapanan bayi, tindakan sosial.

**ABSTRACT**

*Selapan bayi is one of the traditions held when a baby is thirty five days of age. Although almost all regions still practice the tradition, there are several particular characteristics in Durungbedug village that differs the tradition from other regions. The focus of this research is on the traditional selapanan baby, the equipment needed in the baby selapan tradition, and the implementation of Mas Weber's social action in the Selapanan Bayi tradition. This study uses Max Weber's theory of social action which has been explained into four concepts: traditional action, affective action, means-goal rationality and value rationality. This study uses a descriptive qualitative method. The result of this study is that people would like to preserve the tradition that has been carried out by generation to generation from Javanese ancestors, especially the ancestors of village. The second is if the subject of the tradition or the actor of the tradition is emotionally*

*attached to the village ancestors and also the time of the tradition being held which is when the baby is thirty-five days old. Third, is that people are aware when practicing the tradition since it has the capacity of human resources as well as financial aspects. Fourth, the people would like to maintain the cultural values, educational values and religious values implied in the tradition of selapan. Furthermore, the people also would like to receive benefits by imitating and preserving the ancestral tradition of the village.*

**Keyword:** Cultural value, the selapanan baby, social action.

## PURWAKA

Tradisi selapanan dilaksanakake dening kabeh kalangan diwasa mligine marang wong sing mari babaran (lahiran). Desa Durungbedug Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo minangka salah sawijine dhaerah sing isih nglaksanakakeadicara Tradisi Selapanan Bayi nalika ana bayi sing umure ngancik telung puluh lima dina. Meh kabeh dhaerah isih nglaksanakake Tradisi selapanan, ananging ing Desa Durungbedug iki ana bab sing *khlas* utawa beda saka liyane. Salah sawijine yaiku diarani *udhik-udhikan* sing dilaksanakake kanthi nnguncalake dhuwit koin utawa recehan. Tradisi iki minangka budaya utawa kearifan lokal sing ana ing Desa Durungbedug. Umume tradisi *udhik-udhikan* iki anane ing tradisi brokohan, nanging ing Desa Durungbedug iki tradisi *udhik-udhikan* uga dilaksanakake sajrone tradisi selapanan bayi.

Babagan kapindho sing khas sajrone tradisi selapanan bayi ing Desa Durungbedug yaiku nalika dilaksanakake tradisi selapanan mesthi dibarengi uga karo nglaksanakake aqiqah. Umume aqiqah iki dilaksanake utawa disunnahake nalika dina kapitu klahirane bayi, nanging saka anane pirang-pirang faktor mligine ekonomi mula adicara aqiqah iki dilaksanakake bebarengan karo numindakake tradisi selapanan. Satemene babagan iki ora dadi perkara kang angel, ananging saka anane pambeda iki bisa dadi salah sawijine khas sajrone nglaksanakake prosesi tradisi selapanan bayi.

Kagiyatan kasebut dilaksanakake merga ana sawijine alesan kang sesambungan marang lestarine tradisi uga wigatine nilai budaya kang sinandhi sajrone tradisi selapanan bayi. Ngenani wujud lan nilai budaya sajrone Tradisi Selapanan bakal digoleki dening pelaku tradisi sing bisa dilaksanakake minangka adicara slametan bayi kanthi ancas supaya si bayi diwenehi bagas waras, slamet uga bisa dadi medhia kanggo ngaduheke bayi lan kulawargane saka babagan kang dianggep dadi bebaya. Tatalaku sing ana sajrone Tradisi Selapanan Bayi ing Desa Durungbedug yaiku ditindakake *udhik-udhikan*, adicara nyukur rambut bayi, waosan shalawat Nabi (Yanabi salam alaik), banjur sing pungkasan yaiku donga. Saluwihe isih padha kaya ing Desa liyane, ananging pambedane mung kuwi mau, ing Desa Durungbedug ana sing jenenge *udhik-udhikan* lan aqiqah.

Sajrone panliten iki nggunakake teori tindakan sosial Max Weber sing punjere marang motif lan ancase pelaku (subyek). Dhasare manungsa kuwi minangka makhluk sosial sing saben nindakake samubaran kanthi tumindhak. Tradhisi selapanan bayi sing dadi budaya saka generasi jaman dhisik wiwit generasi jaman saiki ora luput saka pambijine masarakat ing sakupenge. Asring banget tumindak kasebut dadi salah sawijine pambiji saka apik lan alane tumrap individu, saengga wigati banget marang kanggo individu sajrone nindakake sawijine tumindak sing padha marang norma utawa aturan sing ana ing sajrone masarakat. Mula saka kuwi, individu nindakake tradhisi selapanan bayi uga tetap menehi perhatian marang anane pawongan liya utawa masyarakat ing sakupenge. Dadi tumindak sosial kuwi dadi sawijine tumindak adhedar dening anane fakta utawa kedadeyan sing bisa menehi pengaruh marang hubungan antar masarakat.

Weber (1947:101) “*the behaviour of physiological entities such as cells, or of any sort of psychic elements may at least in principle be observed and an attempt made to derive uniformities from such observation*”. Teges intine yaiku sajrone Weber (1947:101) tumindak sosial utawa *social action* yaiku wujud tumindak saka anane jinis alamiah (*bawaan lahir*) sing bisa diamati nganggo prinsip lan upaya kanggo nggayuh pepadhan (*keseragaman*). Dene miturut Weber sajrone George lan Douglas (2016:137) tumindak sosial utawa *social action* yaiku sawijine tumindak saka pawongan sing ngugemi ancas. Saliyane kuwi, teori iki uga bisa ngerteni tumindake saben individu utawa kelompok yen saben-saben kuwi duweni motif lan ancas sing beda marang sawijine tumindak sing dilaksanakake. Adhedar marang apa sing wis diandharake dening Weber, cara paling becik kanggo ngerteni akehe klompok kuwi kanthi ngajeni wujud-wujud tipikal tumindak sing wis dadi ciri khase. Saengga bisa ngerteni alesan-alesan tumindake masarakat.

Sajrone Anwar lan Adang (2013:137) patang metodologi tipe idheale Weber iku kanggo njlentrehake makna tindakan sing wis dibedakake sajrone konteks motif para pelaku (subyek) yaiku: Tumindak rasionalitas instrumental (ancas), tumindak rasionalitas nilai, tumindak afektif, lan tumindak tradhisional. Saka kapapat klasifikasi tumindak kasebut bakal digunakake panulis kanggo nganalisis fenomena nilai budaya sajone tradhisi selapanan bayi ing Desa Durungbedug Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo kanggo ngerteni motif lan ancas saka para pelaku (subyek) tradhisi sing nganti saiki isih dijaga lan dilestarekake.

Panliten sajinis wis ana saperangan sing wis neliti, antarane Jaka Pramana (2013) ngenani nilai pendidikan religi pada upacara selapanan dalam tradisi adat jawa. Ana ddi Desa Gedung Agung. Sawetara Endah Fusvita (2019) ngenani interaksi simbolik tradisi selapanan

masyarakat Jawa muslim pada kehidupan sosial di Desa Kuripan Kecamatan Penengahan Lampung Selatan. Asil saka katelu panliten kasebut nuduhake dene saben-saben pawongan (masarakat lan sesepuh desa) duweni nilai sing beda sajrone aweh pamawas tumrap tradhisi kasebut. Saka saperangan panliten sing wis ana sadurunge nuduhake yen saben tradhisi duweni maneka werna wujude dhewe. Dene saka pelaku tradhisine uga duweni nilai, motif lan ancas kang beda-beda.

Adhedhasar saka jlentrehan ing ndhuwur mula panyerat kasil nggawe underan panliten, antarane yaiku, kapisan ngenani proses utawa tatalaku sajrone Tradhisi Selapanan bayi, kapindho ngenani ubarampe sajrone tradhisi selapanan bayi banjur sing pungkasan yaiku ngenani wujud tumindak sosial Weber sajrone Tradhisi selapanan bayi ing Desa Durungbedug. Kanthi anane panliten iki kaajab bisa nambahi seserepan, ngrembakakake utawa mangsuli saperangan prekara ngenani nilai budaya sajrone tradhisi selapanan bayi ing Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo.

### **METODHE PANLITEN**

Jinis panliten sing digunakake sajrone panliten iki yaiku pendekatan kanthi metodhe kualitatif. Miturut Moleong (2005:6) Pendekatan kualitatif yaiku pendekatan sing ancuse kanggo ngerteni fenomena ngenani apa sing wis dialami dening subjek panliten, tuladhané yaiku lelaku, persepsi, motivasi, tumindhak lsp kanthi holistik lan kanthi cara dheskripsi sajrone wujud tetembungan lan basa marang sawijine konteks sing alamiah kanthi nggunakake maneka werna metodhe alamiah. Panliten iki kalebu panliten dheskriptif amarga ditujokake kanggo ngaweruhi perkara pokok sing dadi alesane masarakat kena ngapa kok bisa isih ngleksanani tradhisi selapanan bayi nganti saiki. Perkara kasebut bakal dijentrehake kanthi irah-irahan Nilai Budaya sajrone Tradhisi Selapanan Bayi ing Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo.

Saka titi laksanane prosedur pendekatan metodhe kualitatif bakal ngasilake dhata dheskriptif arupa tetembungan sing katulis utawa lisan saka indhividu-indhividu lan tumindhak sing bisa diamati. Miturut Suwandi (2008:23) Pendekatan kualitatif dikarepake bisa ngasilake andharan kanthi cetha ngenani ucapan, seratan utawa sawijine organisasi tartamtu sajrone sawijine setting konteks tartamtu sing dikaji saka sudut pandhang sing utuh, komprehensif lan holistik. Adhedasar andharan ing ndhuwur, metodhe panliten iki dikarepake kanggo nggambarake lan njlentrehake ngenani Nilai Budaya sajrone Tradhisi Selapanan Bayi sing dilaksanakake ing Desa Durungbedug Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo. Mula diolehake 1 *informan* inti utawa biyasa diarani *key informan* sing bisa

njlentrehake luwih cetha ngenani tradhisi selapanan lan 3 *informan* panyengkuyung minangka masarakat asli Desa Durungbedug Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo sing lagi nglaksanakake tradhisi selapanan ing tahun 2021.

Sumber dhata sajrone panliten iki pikoleh saka *informan* utama yaiku Bapa Toha minangka sawijine sesepuh Desa sing wis dipercaya marang masarakat Desa Durungbedug kanggo nuduhake marang generasi muda Desa ngenani Tradhisi Selapanan Bayi, saengga saka cara sing kaya ngene dikarepane bisa njaga kalestariane Tradhisi Selapanan Bayi ing Desa Durungbedug Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo. Elmu kang diugemi Bapak Toha iki ora adoh saka mbah buyute dewe kanthi Asma Alm Pak San minangka Kyai ing Desa Durungbedug. Miturut critane Bapa Toha, buyute biyen dadi wong sing paling disegani ing Desa amarga wibawa lan kawicaksanane tumindake. Saliyane iku buyute uga dadi wong sekti amarga nalika jaman semono bisa brantas PKI sing nyuba ngrusak ayeme Desane. Dadi salah sawijine Kyai sing kurmat, sekti lan wicaksana, buyute Bapa Toha iki uga paham ngenani Tradhisi-Tradhisi Jawa sing wis diturunake dening para leluhur. Mula saka kuwi sithik-sithik elmu utawa wawasan sing bisa diturunake marang anak putune bakal diturunake supaya elmu sing wis diduweni buyute kuwi ora ilang. Saliyane wawancara marang Bapa Toha, uga wawancara marang warga Desa Durungbedug liyane, antarane yaiku Bapa Tasmijan minangka panganut Kejawen kang ngugemi pakem-pakem sing ana sajrone Tradhisi Selapanan Bayi. Banjur ana Bapa Deving lan Bapa Sapardi minangka warga sing nguripi Tradhisi lan Budaya apa wae sing diwarisake dening para leluhur, mligine Tradhisi Selapanan Bayi iki.

Sajrone panliten iki gunakake rong instrumen yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama ing kene yaiku minangka panliti utawa wong sing nindakake panliten. Cresswell sajrone Rianto (2020:4) njlentrehake yen panliti minangka intstrumen kunci. Babagan kasebut disebabake merga katrampilan panliti sajrone ngolah dhata nduweni pangaruh sing gedhe uga tumrap asil panliten. Panliti duweni hak lan kewajiban sajrone nglaksanakake panliten. Kewajibane panliti yaiku nglaksanakake panliten kanthi sistematis lan slaras karo tata aturan panliten sing bakal dilaksanakake. Hak panliti yaiku saka asil panliten iki mung panliti sing nduweni kuwasa sajrone ngasilake lan ngolah dhata. Dene instrumen panyengkuyung sajrone panliten iki yaiku carane panliti kanggo ngolehake dhata.

Dhata sajrone panliten iki ngenani teges, proses lan ubarampe sajrone Tradhisi Selapanan bayi sarta patang konsep sing ana ing Teori Tindakan Sosiale Max Weber. Teknik

kanggo ngumpulake lan njlentrehake dhata sajrone panliten iki kanthi cara wawancara, observasi, rekaman, cathetan lan dhokumentasi. Wawancara iki duweni ancas kanggo ngolehake dhata primer arupa panjlentrehan saka narasumber ngenani Tradhisi Selapanan bayi minangka objek panliten. Wawancara iki kaleksanan kanthi objektif, tegese panliten langsung teka ing papan panggone narasumber sing ana ing Desa Durungbedug Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo. Sadurunge teka ing papan panggonan kanggo wawancara, panliti luwih dhisik nyiapake dhaptar pitakonan saakeh-akaeh nanging isih munjer ing fokuse panliten. Banjur, satekane ing papan panggonan, panliti langsung nglaksanakake prosesi wawancara marang *key informant* yaiku Bapa Toha minangka sesepuh Desa sing diprecaya masarakat ngenani prekara adat budaya. Banjur dina sabanjure panliti nglaksanakake wawancara marang Bapa Tasmijan, Bapa Sapardi lan sing pungkasan Bapa Deving.

Saliyane iku panliti uga nindakake proses dhokumentasi marang kagiyatan wawancara. Proses dhokumentasi iki nggunakake medhia elektronik arupa HP kanggo ngrekam lan kanggo njupuk gambar nalika proses wawancara dilaksanakake. Ora mung HP sing didadekake medhia kanggo dhokumentasi, nanging panliti uga nggunakake buku gawe nulis informasi-informasi wigati sing dijilentrehake dening narasumber. Sawise dilaksanakake proses wawancara, banjur panliti nganalisis dhata kanthi cara analisis induktif. Miturut Suwendra (2018), analisis induktif yaiku menehi jlentrehan marang kasunyatan ngenani objek-objek tartamtu ing sawijine panggon saengga bisa kajupuk dudutan ngenani objek, kahanan, pawongan, kedadeyan sarta makna sajrone apa sing wis dititi. Sabanjure bisa ngasilake dudutan saka analisis dhata kuwi banjur dislarasake karo teori sing digunakake (Leedy & Ormrod, sajrone Sarosa (2021:4). Sawise nglakoni bab analisis induktif bakal dilaksanakake cek keabsahan dhata kanggo mbuktikake dene panliten kasebut wis dilaksanakake kanthi tumemen sarta kanggo nguji dhata kang pikoleh saka proses panliten. Sajrone ngecek keabsahan dhata iki bisa dilaksanakake triangulasi. Wijaya (2019: 22) Triangulasi data yaiku pengecekan dhata kanthi cara ngecek utawa mriksa maneh. Dene istilah sabendinane triangulasi iki padha kaya cek lan ricek sing dilaksanakake kanthi nyalarasake dhata sing pikoleh saka narasumber tumrap kedadeyan sing satemene.

## **ISI LAN ANDHARAN**

### **1. Teges lan tatalaku sajrone Tradhisi Selapanan bayi**

Selapanan dilaksanakake saben telung puluh lima dina sawise babaran (lahiran), wong Jawa mesti nganakake sawijineadicara slametan sing asring diaraniadicara Tradhisi Selapanan. Bisa disawang saka saakehe tradhisi sing ana sawise wong babaran bayi ing Jawa

mligine Jawa Timur, kayata tradhisi brokohan, upak puser, sepasaran, selapanan bayi lan liya-liyane. Miturut Ambarwati dkk (2018) tradhisi lan ritual yaiku saperangan sing ora bisa dipisah ing saben panguripane manungsa. Miturut Funk lan Wagnalls njlentrehake yen tradhisi kuwi ditegesi minangka pengetahuan, doktrin, pakulinan lsp sing dipahami minangka pengetahuan sing wis diwarisake saka leluhur kalebu carane nyampekake doktrin. Dene miturut Pintenate lan Bukhari (2017:911) tradhisi yaiku pakulinan sing wis ana wiwit jaman leluhur ing sajrone masarakat lan asipat amba. Tegese amba kuwi sing nyakup sakabehe panguripan saengga ora gampang mati amarga tradhisi iki minangka pirantining urip kanggo nglayani manungsa.

Dudutan sing bisa dijupuk saka anane telung jlentrehan ing ndhuwur yaiku tradhisi kuwi minangka sawijine pakulinan sing dilaksanakake dening masarakat wiwit saka jaman dhisik nganti jaman saiki kanthi ngugemi nilai-nilai adat lan budaya saka para leluhur. Tradhisi kasebut terus ngrembaka lan owah sinandhing marang kahanan jaman saiki. Tradhisi bakal dileksanani lan dipocapake dening masarakat yen dirasa tradhisi kasebut duweni guna marang panguripane. Tradhisi uga bisa ditegesi tumindak apa wae sing wis dadi pakulinan sing wis lumrah dileksanani wiwit jaman dhisik nganti jaman saiki. Kabeh tradhisi kuwi kudu isih dijaga lan dilestarekake kanthi sateruse amarga tradhisi minangka medhia kanggo nyengkuyung idhentitas asli sawijine suku lan budaya khas saka sawijine dhaerah.

Tatalaku sing ana sajrone Tradhisi Selapanan Bayi ing Desa Durungbedug saluwuhe isih padha kaya ing Desa liyane, ananging pambedane mung kuwi mau, ing Desa Durungbedug ana sing jenenge *udhik-udhikan* lan aqiqah. Tradhisi selapanan dilaksanakake dening kabeh kalangan diwasa mligine marang wong sing mari babaran (lahiran). Desa Durungbedug Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo minangka salah sawijine dhaerah sing isih nglaksanakakeadicara Tradhisi Selapanan Bayi nalika ana bayi sing umure ngancik telung puluh lima dina. Meh kabeh dhaerah isih nglaksanakake Tradhisi selapanan, ananging ing Desa Durungbedug iki ana sing diarani *udhik-udhikan* sing dilaksanakake kanthi nguncalake dhuwit koin utawa recehan. Tradhisi iki minangka budaya utawa kearifan lokal sing ana ing Desa Durungbedug. Umume tradhisi *udhik-udhikan* iki anane ing tradhisi brokohan, nanging ing Desa Durungbedug iki tradhisi *udhik-udhikan* uga dilaksanakake sajrone tradhisi selapanan bayi.

Babagan kapindho sing khas sajrone tradhisi selapanan bayi ing Desa Durungbedug yaiku nalika dilaksanakake tradhisi selapanan mesthi dibarengi uga karo nglaksanakake

aqiqah. Umume aqiqah iki dilaksanake utawa disunnahake nalika dina kapitu klahirane bayi, nanging saka anane pirang-pirang faktor mligine ekonomi mula adicara aqiqah iki dilaksanakake bebarengan karo numindakake tradhisi selapanan. Satemene babagan iki ora dadi perkara kang angel, ananging saka anane pambeda iki bisa dadi salah sawijine khas sajrone nglaksanakake prosesi tradhisi selapanan bayi.

Miturut Ambarwati dkk (2018) tradhisi lan ritual yaiku saperangan sing ora bisa dipisah ing saben panguripane manungsa. Miturut Funk lan Wagnalls njlentrehake yen tradhisi kuwi ditegesi minangka pengetahuan, doktrin, pakulinan lsp sing dipahami minangka pengetahuan sing wis diwarisake saka leluhur kalebu carane nyampekake doktrin. Dene miturut Pintenate lan Bukhari (2017:911) tradhisi yaiku pakulinan sing wis ana wiwit jaman leluhur ing sajrone masarakat lan asipat amba. Tegese amba kuwi sing nyakup sakabehe panguripan saengga ora gampang mati amarga tradhisi iki minangka pirantining urip kanggo nglayani manungsa.

Tradhisi kasebut terus ngrembaka lan owah sinandhing marang kahanan jaman saiki. Tradhisi bakal dileksanani lan dipocapake dening masarakat yen dirasa tradhisi kasebut duweni guna marang panguripane. Tradhisi uga bisa ditegesi tumindak apa wae sing wis dadi pakulinan sing wis biyasa dilaksanakake wiwit jaman dhisik nganti jaman saiki. Saliyane iku tradhisi kasebut isih dilaksanakake dening masarakat sing tetep nylarasake marang papan panggonan lan lingkungan, amarga saben panggonan utawa suku nduweni tradhisi sing ora padha utawa beda. Sajrone tradhisi nuduhake tumindhake masarakat ing panguripan donya utawa babagan-babagan sing asipat agama lan gaib.

Sajrone masarakat Jawa kuwi nduweni kalender dhewe sing beda karo kalender Masehi. Petungan dina sajrone tanggalan Jawa yaiku limang dina utawa asring diarani minangka dina pasaran, antarane yaiku Legi, Pahing, Pon, Wage, Kliwon. Miturut masarakat Jawa, kabeh dina kuwi becik, nanging kanggo nemtokake kabecikan sajrone panguripan, masarakat Jawa nduweni itung-itungan dhewe sing ana sambung rakete karo dina pasaran kasebut. Petungan dina dilaksanakake kanthi nggayutake dina pasaran karo dina biyasa (Senin, Selasa, Rabu, Kamis, Jumat, Sabtu dan Minggu). Saka petungan dina biyasa lan dina pasaran bakal ditemokake dina nepton sing cacahe ana 35 dina. Purwadi (2005:73) njlentrehake yen kawruh ngenani petungan dina iki wigati amarga umume masarakat Jawa nganggep dene kabeh nasibe manungsa kuwi gumangung saka petungan iki. Lumantar petungan dina iki, dina-dina becik bisa digoleki, saengga babagan ala sing sing bisa wae

kedadegan, bisa diadahi. Mula saka kuwi masarakat Jawa ngurmati banget dina nepton kanthi asring ngadakake slametan nepton.

Selapanan yaiku salah sawijine kedadeyan kang dilaksanakake kanthi turun tinurun. Selapanan uga kalebu salah sawijine rangkaian slametan. Tegese selapanan yaiku telung puluh lima dina (35 dina) utawa pitu ping limang dina (7x5 dina), amarga itungan saka pananggal Jawa ana limang dina yaiku *Pahing,Legi,Kliwon,Wage,Pon*. Dene pitung dina saka pananggal umum yaiku Senin, Selasa, Rabu, Kamis, Jumat, Sabtu lan Minggu saengga bisa ketemu telung puluh lima dina. Sawise umur telung puluh lima dina, simbahe nyukur rambut bayine kanggo kawiwitan kanthi ana slametan kang diarani *selapanan* kanthi pangarep supaya si bayi diwenehi bagas saras lan urip kang slamet.

Tradisi Selapanan bayi yaiku sawijine tradisi kang dilaksanakake nalika umure bayi wis ngancik telung puluh lima dina saka dina lahire. Kamangka kudu nglaksanakake upacara *selapan*. Masarakat sing duweni kemampuan luwih (sugih) biyasane ngundhang dhayoh luwih akeh kanthi ana iringan hiburan kayata Pengajian, pentas Ketoprak, Wayang lsp. Tradhisi-tradhisi kang dilaksanakake masarakat Jawa mesthi ana sambunge marang panguripane manungsa. Kagiyanan upacara kang dilaksanakake duweni pengaruh ing telung tahapan wigati sajrone panguripan manungsa, yaiku klahiran, nikahan lan kepatian.

Masarakat Jawa dadi salah sawijine masarakat sing isih ngugemi nilai-nilai tradhisi sing wis diwarisake dening para leluhur. Tradhisi Selapanan bayi masarakat Jawa sing manggon ing Desa Durungbedug Kecamatan Candi iki nglestarekake tradhisi Selapanan bayi ing Desa sing duweni maneka werna budaya, tradhisi iki dilaksanakake kanthi turun tinurun sajrone kaleksanane tradhisi selapan ing masarakat Jawa ora sembarang amarga miturut masarakat Jawa ing kene tradhisi selapan duweni makna lan simbol sing ana sajrone tradhisi kasebut sing ancase menehi kesehatan, keslametan supaya bisa dadi medhia kanggo ngaduheke bayi lan kulawargane saka babagan kang dianggep dadi bebaya.

Warga Desa Durungbedug kasusun saka penduduk asli (pribumi) lan penduduk transmigrasi. Umume wilayah pribumi ana sajrone wilayah pusat pamarentah Desa yaiku ing dusun I (Bedug Baru), dusun II (pesantren) utawa biyasa diarani dusun induk. Dene penduduk transmigrasi umume manggon ing wilayah sanjabane pamarentah Desa, yaiku ing dusun III (bedug dowo). Miturut dhata BPS (Badan Pusat Statistik) sajrone Kecamatan Candi dalam angka 2021 cacahe warga Desa Durungbedug ana 7.135 jiwa sing kaperang saka cacahe wong wadon 3.549 jiwa lan saka cacahe wong lanang ana 3.586 jiwa.

Adhedasar saka survei sing wis dilaksanakake ing Desa Durungbedug Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo, adicara selapanan bayi ngandut akeh nilai-nilai luhur sing kasil anggone gawe masarakat tetap ngugemi lan nglestarekake tradhisi kasebut nganti jaman saiki. Tradhisi selapanan sing dilaksanakake ora mung kanggo formalitas wae ananging minangka medhia kanggo nglestarekake tradhisi lan budaya sarta ngurmati warisan para leluhur Jawa ing sakupenge. Banjur ing ngisor iki bakal dijilentrehake luwih cetha ngenani proses lan nilai budaya sajrone Tradhisi Selapanan bayi ing Desa Durungbedug wiwit saka adicara kawiwitan nganti pungkasan.

#### **a. *Udhik-udhikan***

Tatalaku sing ana sajrone Tradhisi Selapanan Bayi ing Desa Durungbedug sing kawiwitan yaiku *udhik-udhikan*.

*“udhik-udhikan iki bisa diarani adicara pambuka. Intine sanjabane acara formalah, nanging ya mesthi anane merga iki kaya wis dadi kewajiban. Titik akeh receh sing bakal di udhik-udhikke mesthi tetap ana.”* (Bpk. Toha, 28 Februari 2022)

Nalika para dhayoh wis padha teka, pranatacara nyumanggakake para dhayoh kanggo ngadheg ing latar omahe sing nduwe hajat kanggo nglaksanakake adicara *udhik-udhikan*. Yen kabeh wis padha cumepak, banjur salah siji saka kulawarga sing nduwe hajat metu nggawa dhuwit receh utawa *koin* kanggo diuncalake ing ngarepe para dhayoh sing wis ngenteni ana ing latar omah.

*“jika pembawa acara sudah memberikan intruksi untuk bersiap dalam acara udhik-udhik, semua berdiri di plataran untuk menata barisnya sendiri-sendiri. Jika koin sudah dilemparkan, suasana menjadi sangat ramai. Kecil tua muda menjadi satu untuk berebut koin yang sudah berserakan di tanah.”* (Bpk. Tasmijan, 01 Maret 2022)

Sawise adicara *udhik-udhikan*, pranatacara nyumanggakake para dhayoh kanggo melbu lan lungguh ing omahe sing nduwe hajat kango nglaksanakake adicara sabanjure yaiku adicara pambuka sing dipimpin dening pranatacara kanggo maca donga pambuka yaiku *Al-Fatihah*. Sawise maca *Al-Fatihah* pranatacara njlentrehake tatalaku-tatalaku sabanjure sing arep dilampahi, yaiku adicara nyukur rambut bayi kanthi diiringi waosan shalawat Nabi. Babagan iki dilaksanakake dening kabeh para dhayoh sarta kulawarga inti kanthi posisi jumeneng kabeh. Banjur sawise adicara iki kalampahan, pranatacara nyumanggakake para dhayoh lungguh maneh kanggo nglanjutake adicara sabanjure yaiku maca donga panutup minangka rasa syokur marang Gusti kang Maha Kuwasa tumrap kelancaran adicara sing wis kasil dilaksanakake,

### **b. Adicara nyukur rambut bayi**

Adicara cukur rambut iki dilaksanakake sadurunge ujub lan ngedum brekat. Adicara nyukur rambut iki uga dilaksanakake kanthi nyukur rambut si bayi kanthi cara genti-genten utawa mlaku ngubengi para tamu sing teka ing sangarepe. Prosesi iki dibarengi marang waosan shalawat, lajeng bayi menika medal digendong marang bapane. Proses nyukur rambut kang kapisan dilaksanakake marang bapa lan ibune bayi dhisik. Banjur dilanjutake dening sesepuh saka si bayi lan dipungkasi ing para tangga sing wis teka. Babagan iki duweni ancas supaya para dhayoh sing wis teka melu paring donga kanthi langsung marang si bayi tumrap kaslametan si bayi ing dina tembe. Dene sajrone proses ngubengi para dhayoh sing wis teka iki duweni makna yen satemene ana pangarepan bilih bayi mengko bisa tansah silaturrahmi marang wong liya uga supaya dadi putra sing ngabekti marang wong tuwa.

Sajrone proses nyukur rambut si bayi iki mesthi mbutuhake piranti kayata mangkok sing rada gedhe sing wis kaisi banyu lan kembang telon. Saliyane iku uga mbutuhake piranti liya kayata gunting kanggo nyukur rambute si bayi banjur nampan kanggo wadahe gunting lan mangkok sing wis kaisi banyu uga kembang telon. Sajrone proses nyukur rambut iki, rambute si bayi dicukur nganti resik amarga ing kene duweni makna yen dikarepake supaya bakal tuwuhan rambut anyar sing luwih resik.

*“yen selapanan iku rambute bayi mesthi dicukur nganti resik, ning kene wong biyen iku mitayani supaya rambute mene bisa cukul luwih resik lan apik merga sadurunge rambut bayi nalika durung lahir iku nang jrone weteng campur karo banyu ketuhanan.”* (Bpk. Toha, 28 Feburari 2022)

Alesan ananeadicara cukur rambut iku supaya rambute si bayi bisa tuwuhan kanthi apik lan resik, mula saka kuwi paling ora dicukur akehe ping telu nganti rambute si bayi resik. Ananging sajrone tradhisi cukur rambut iki, ora kabeh wong gelem nglaksanani cukur rambut nganti resik, dadi cukuran rambut iki dilaksanakake sapantese, ora digundul nanging mung sawates minangka simbol wae. Nalika proses tradhisi selapanan bayi diiwiti,adicara kang dilaksanakake yaiku kasusun saka sambutan pranatacara, *udhik-udhikan*, donga pambuka, mahalul qiyam, waosan shalawat Nabi sinambi nglaksanakake proses adicara nyukur rambut wiwit sesepuh bayi banjur diterusake ing dulur lan tanggane si bayi banjur donga panutup kanggo mungkasi adicara Tradhisi Selapanan bayi.

Sawise adicara cukur rambut dilaksanakake, banjur rambut sing wis dicukur dilumpukake dadi siji dening kulawargane si bayi mligine wong tuwane. Rambut sing wis katumpuk dadi siji kasebut banjur dilebokake ing kendhi cilik sing ana tutupe. Ora mung rambut sing dilebokake menyang kendhi, nanging kotorane bayi sing kapisan utawa biyasa

diarani kotoran lawa kuwi uga dilebokake menyang kendhi. Diarani kotoran lawa amarga kotoran kasebut kotoran paling kawiwitan sing metu saka anuse bayi. Saliyane iku amarga kotoran kasebut wujude cilik lan ireng saengga masarakat jawa ngarani kanthi aran kotoran lawa.

*“yen prosesi nyukur rambute wis mari, rambut sing wis dicukur iku didadekaki siji menyang sak panggon. Banur dilanjutake prosesi sabanjure. Yenadicara sajrone tradhisi selapanan bayi iku wis mari kabeh, rambut sing wis dilumpukake kuwi dilebokake kendhi cilik bebarengan marang kotorane si bayi sing paling kawitan metu. Biyasane wong-wong yen ngarani kuwi kotoran lawa merga wujude cilik lan wernane ireng. Banjur kendhi cilik kasebut dipendhem lan sing pungkasen disiram nganggo sisane banyu sing dicampuri kembang telon wau. Bab iki diprecaya dening wong-wong kanggo sarana ngadohake utawa ngilangake bab-bab sing ala sing ana ing sakupenge si bayi sadurunge.”* (Bpk. Toha, 28 Febrari 2022)

Nalikaadicara tradhisi selapanan bayi ing omah wis mari, banjur kendhi cilik sing wis kaisi rambut lan kotoran lawa kasebut dipendhem menyang sapinggaire duluran utawa *ari-arine* si bayi. Babagan mendhem kendhi iki dilaksanakake dening wong tuwane si bayi mligine wong tuwa lanang yaiku bapane si bayi. Sawise dipendhem banjur disiram kanthi gunakake banyu sing dicampur kembang telon sisane prosesi nyukur rambut sing wis dilaksanakake sadurunge. Ancase nyiram pendheman kendhi sing kaisi rambut lan kotoran lawane bayi iki minangka dadi salah sawijine donga supaya bab-bab ala sing ana ing sakupenge si bayi iki bisa ilang.

Nilai budaya sing bisa dijupuk sakaadicara nyukur rambut bayi iki yaiku ngandhut pesan spiritual yaiku supaya rambute si bayi sing dianggep durung suci (rambut gawan saka lair) bisa tuwuh kanthi rambut anyar sing luwih resik lan dianggep suci dening masarakat. Saliyane kuwiadicara iki uga bisa dadi ajang ngajeni tumrap para leluhur kita merga yen ora ana para leluhur, kita uga bakal ora ana.

#### **c. Waosan Sholawat Nabi (*Yanabi salam alaik*) sajrone Tradhisi Selapanan bayi**

Sholawat Nabi minangka sawijine sistem ajaran Islam. Maca sholawat miturut saperangan umat Islam wis dadi salah sawijine tradhisi. Tradhisi maca sholawat Nabi iki kawujud sajrone praktik agama kalangan tradhisionalis ing Indonesia. Tradhisi maca sholawat Nabi ing kalangan Islam tradhisionalis ing Indonesia iki uga wis ditetapake nalika wayah-wayah tartamtu, ora mung ana ing wayah jam’iyah dibaan ananging uga ana ing sajrone tradhisi jawa salah sawijine yaiku tradhisi selapanan bayi. Waosan sholawat Nabi sajrone tradhisi Selapanan Bayi iki diwaca nalika lumakune proses nyukur rambut si bayi. Sholawat diwaca dening salah sawijine kulawarga utawa sesulih saka tokoh masyarakat sing teka ingadicara selapanan bayi kasebut. Kabeh dhayoh sing teka ingadicara iki melu maca

shalawat kanthi bebarengan. Nalika shalawat diwiwiti kabeh dhayoh gage ngadheg amarga waosan shalawat nabi iki minangka pratanda yenadicara nyukur rambut si bayi bakal diwiwiti uga.

Waosan sholawat Nabi ancuse kanggo ngenalake Bayi marang baginda Nabi Muhammad SAW lumantar saka waosan shalawat *yanabi salam alaik*. Nalika dilaksanakake upacara selapanan ana uga donga-donga sing ngiringi prosesi upacara selapanan sing ditujokake marang Gusti kang Maha Kuwasa minangka rasa syokur marang karunia sing wis diwenehna sasuwene iki.

*“saben prosesi iku ngandut makna yen miturut masarakat Jawa. Maknane uga beda-beda. Ora mung proses tradhisi sing ngandut makna, nanging piranti-piranti sing digunakake uga duweni makna dhewe-dhewe. Semono uga kekarepane (ancase) mesthine ana punjere dhewe-dhewe.”* (Bpk. Tasmijan, 01 Maret 2022)

Saliyane donga-donga sing ngiringiadicara selapanan bayi iki, ana uga piranti sing digunakake sajrone tradhisi selapanan bayi. Miturut kapitayane masarakat Jawa, saben-saben piranti kasebut nduweni makna antarane yaiku kanggo nyuwun pitulungan marang Gusti kang Maha Kuwasa supaya si bayi diparingi bagas waras, slamet sarta nyuwun pitulungan kanggo si bayi supaya diadahake saka gangguan gaib kang ala sing ganggu si bayi.anane kapitayan sing diugemi masarakat Jawa ngenani barang gaib lan kapitayan ngenani emosi spiritual agawe upacara selapanan iki dadi aktivitas kramat sing ngandut nilai-nilai budaya, nilai-nilai religi utawa kakuwatan religi sajrone ritual utawa ubarampe sing digunakake sajrone tradhisi selapanan.

Sawise dilaksanakake shalawat nabi kanthi iringen lumakuneadicara nyukur rambut bayi, mula para dhayoh sing teka disumanggakake kanggo lungguh banjur sesulih saka tokoh masyarakat miminadicara sabanjure yaiku ujub. Sajrone masarakat Jawa, ujub iki minangka sarat kanggo lumakune sawijineadicara sing wajib diwaca amarga ing masarakat Jawa saben tradhisi kuwi mesthi ana ujube, nanging gumantung saka tradhisi sing lagi dilaksanakake, merga beda tradhisi beda uga ujub sing bakal diwaca. Ujub tradhisi selapanan bayi iki diwaca dening sesulih saka tokoh masarakat. Ujub iki dilaksanakake sadurunge ngedum brekat. Ancase ujub diwaca dhisik sadurunge ngedum brekat yaiku supaya para dhayoh selapanan bayi iki padha ngerti yen bayi kasebut yuswane wis ngancik telung puluh lima dina. Ancas liyane yaiku supaya para dhayoh kalebu sanak sadulur, tangga lsp padha paring donga marang kaslametane bayi nganti diwasa. Wujude ujub sajrone tradhisi selapanan bayi iki padha kaya donga sing basane basa krama

*“nyuwun tulung marang Pangeran, nyuwun perlindungan mugiya bayi ingkang yuswanipun sampun telungpuluhan lima dina menika diadohake marang sengkalane, bayi slamet donya akherat lan mugi-mugi adoh saking panggodhane roh-roh alus kang ala utawi jahat.”* (Bpk. Toha, 28 Februari 2022)

Nilai budaya sing bisa dijupuk sakaadicara waosan shalawat Nabi ing ndhuwur yaiku kapisan supaya kita bisa tetap ngutamakake rasa syokur marang Gusti kang Maha Kuwasa sarta ngucap puji marang baginda Nabi Muhammad SAW tumrap kabeh nikmat kang wis pikoleh sajrone panguripan. Banjur lumantaradicara iki bisa nuwuhake rasa sosial lan bisa luwih ngraketake hubungan antarane wong siji marang liyane. Saliyane iku sakaadicara iki bisa ngelingake kita yen kita minangka manungsa biyasa sing ora bisa urip dhewe lan tetep mbutuhake liyan masiya kita wis urip sarwa cukup.

## **2. Nilai budaya lan ubarampe sajrone Tradhisi Selapanan Bayi**

Miturut F.R Siregar (2017) Nilai-nilai budaya bisa dimaknani minangka usaha sing dilaksanakake sawijine pamimpin, masarakat utawa sawijine lembaga saka pendhidhikan sajrone ngrembakakake nilai sing ana ing saben manungsa sarta masarakat saengga nuwuhake sawijine perubahan sing apik. Nilai-nilai budaya Jawa kuwi duweni unsur-unsur sing bisa mangun sisi manusia wiyaiku nyalarasake manungsa. Sajrone nyalarasake manungsa, nilai-nilai budaya Jawa duweni fungsi kanggo ngarahake lakune manungsa. Babagan iki tegese nilai-nilai budaya jawa duweni fungsi kanggo ngupayakake kaslarasan lan kasampurnan sajrone panguripan masarakat Jawa supaya sistematis lan seimbang.

Sajrone kagiyatan utawaadicara apa wae cethane mesthi mbutuhake ubarampe kanggo nyengkuyungadicara kasebut. Ubarampe yaiku piranti-piranti sing dibutuhake sajrone sawijineadicara.

*“sadurunge dilaksanakake tradhisi selapanan bayi kuwi mesthine kudu nyiapake luwih dhisik apa wae sing dibutuhake, tuladhane kaya nggawe bubur abang, bubur sengkala, sega tumpeng utawa sega uduk, gumantung kahanan finansiale. Banjur godhong gedhang, ingkung ayam, kembang telon lan liya-liyane.”* (Bpk. Tasmijan, 01 Maret 2022)

Ubarampe iki dadi salah sawijine bab wigati sajrone sawijineadicara kanggo nyengkuyungadicara kasebut, kayata bubur abang, bubur sengkala, sega uduk, ingkung ayam, godhong gedhang, sega bucu utawa tumpeng (minangka pengganti nasi ingkung ayam), kembang telon (gading putih, kenanga, mawar merah), toya lan gunting.

*“yen sega uduk lan ingkung ayam kuwi bisa diganti nganggo tumpeng, bali maneh gumantung saka kahanan ekonomine. Denen bubur abang lan bubur sengkala kuwi mesthi anane nanging ya cukup digawe sarat wae gawe sithik-sithik sing penting ana.”* (Bpk. Sapardi, 03 Maret 2022)

Sega uduk lan ingkung ayam kuwi bisa diganti nganggo sega bucu utawa sega tumpeng. Kahanan iki supaya ora nyusahake wong sing lagi nglaksanakake selapanan bayi amarga ora kabeh pawongan kuwi ekonomine apik. Mula bab kasebut bisa nggampangake sing lagi nglaksanakake selapanan bayi. Semono uga bubur abang lan bubur sengkala, ora kabeh dhayoh diwenehi siji-siji ananging bisa gawe sacukupe merga mung kanggo sarat wae. Kabeh ubarampe lan piranti sing dibutuhake sajroneadicara selapanan bayi iki duweni makna lan nilai budaya dhewe-dhewe. Dene dibandingake marang asil panliten sadurunge yaiku Jaka Pramana (2013), ditemokake babagan sing beda. Babagan kasebut ngenani maceme ubarampe, makna lan nilai budaya kang sinandhi. Bab kasebut bakal dicethakake siji mbaka siji ing ngisor iki:

1. Segal bucu utawa sega tumpeng: Segal bucu iki digawe saka beras putih sing duweni teges kasucenan. Segal sing wis dicitak kanthi wujud kerucut iki ditegesi minangka wujud Gusti kang Maha Kuwasa, ngilingake yen sejatine manungsa kuwi kudu taat ibadah marang Gusti kang Maha Kuwasa merga samubarang sing werna-werna ing donya iki sumbere mung siji. Bageyan ing ndhuwure tumpeng iku wujude amba lan gedhe. Saya dhukur saya lincip saengga bisa nggathuki sawijine titik. Titik kasebut dadi pralambang Gusti kang Maha Kuwasa minangka punjering samubarang bab.
2. Godhong gedhang: Godhong gedhang iki dideleh ing sangisore sega tumpeng sing digunakake kanggo alas panggonane sega. Dene makna kang kinandhut sajrone godhong gedhang iki minangka pralambang kasuburan lan pertumbuhan.
3. Segal golong: Sajroneadicara selapanan bayi iki, cacahe sega golong iku kudu ganjil. Biyasane paling sithik pitu. Segal golong duweni makna sing akeh, salah sawijine yaiku kanggo tanda bekti marang Desa sing bakal dadi papan panggonane.
4. Bubur sengkala (abang lan putih): Bubur sengkala abang putih iki biyasane diarani jenang abang putih. Bubur abang putih iki minangka simbol saka wenehan jeneng si bayi sing asale saka ungkapan jenang dadi jeneng (ilang jenange kari jenenge). Saliyane iku, bubur sengkala iku minangka pangarepan supaya si bayi ing dina tembe bisa adoh saka bebaya utawa biyasa diarani kanggo tolak balak.
5. Bubur abang: Bubur abang iki duweni makna lan pangarepan supaya bayi sing wis lahir iki bisa dadi pewaris sipate ibu sing lemah lembut lan penyayang.
6. Segal uduk lan ingkung ayam: Segal uduk iki wernane putih sing tegese suci. Dene ingkung ayam yaiku pithik jago (jantan) sing dimasak wutuh (mula diarani ingkung), minangka pralambang anembah marang Gusti kang Maha Kuwasa kanthi khusuk (manekung).

7. Kembang telon: Kembang telon iki kaperang dadi telu yaiku kembang gadhing putih, kembang kenanga, lan kembang mawar abang. Saben jinis kembang sing beda-beda iki uga duweni makna sing beda uga. Saka jinise telung kembang iki dadi pralambang dene manungsa iku sejatine diripta saka raga, rasa lan nyawa. Rasa iki mujudake sing ngurusi, raga duweni makna sing nglakoni, lan sing pungkasan iki yaiku nyawa sing duweni makna sing numindaki.
8. Pitung jinis rambanan: Saka pitung jinis rambanan iki sing paling wigati yaiku kacang dawa lan kangkung. Banjur limang jinis rambanan liyane kuwi bebas ateges bisa gunakake rambanan apa wae. Saka sing paling wigati yaiku kacang dawa, duweni makna supaya si bayi bisa dawa yuswa uga bisa urip srawungan marang wong-wong ing sapinggaire.
9. Endhog pithik: Endhog pithik iki cacahe ana pitu utawa sawelas biji. Angka pitu iki minangka simbol pangarepan supaya oleh pitulungan saka Gusti kang Maha Kuwasa. Sawetara angka sawelas iku tegese dadi pangarepan supaya oleh welas lan asihe Gusti kang Maha Kuwasa.

Ubarampe kuwi dadi sarat wajib nalika nglaksanakake salah sawijine tradhisi mligine tradhisi selapanan bayi iki. Banjur saka maneka wernane ubarampe sing dibutuhake ing ndhuwur, cetha saben ubarampe kuwi nduweni makna utawa teges dhewe-dhewe sing mesthine ngandut filosofi panguripan. Nilai budaya sing bisa dijupuk saka sakabehe anane ubarampe ing ndhuwur yaiku kapisan supaya kita bisa luwih ngajeni tumrap para leluhur kita merga yen ora ana para leluhur, kita uga bakal ora ana. Kapindho yaiku ngati-ati yen saben tumindak merga kita minangka manungsa urip sesandhingan arang bebrayan lan makhluk liyane. Nilai budaya sing pungkasan yaiku saakeh-akehe tradhisi, budaya lan mitos sing ana sajrone panguripan kabeh tetap bali menyang kuwasane Gusti kang Maha Kuwasa supaya ora nganti nekakake ati kang musyrik.

### **3. Wujud tumindak sosial sajrone Tradhisi Selapanan Bayi**

Sajrone bab iki panliti bakal njlentrehake ngenani motif lan ancase para subjek sing nglaksanakake tradhisi selapanan bayi. Analisis sajrone panliten iki nggunakake teori tindakan sosial Max Weber. Miturut Weber, saben pawongan sajrone nglakoni tumindak kuwi ora mung sawates nglaksanakake, ananging uga empan papan ateges bisa ndeleh awak kanthi bener sajrone lingkungan kanthi gunakake pikiran lan adhedasar tumindake wong liya. Dadi ing kene mengko bisa nyawang kaya ngapa motif lan ancase para subjek tradhisi selapanan bayi lumantar kerangka pamikirane uga apa sing wis dipertimbangake lan durung

dipertimbangake. Saliyane iku, kita uga bisa nyawang kaya ngapa tumindake wong liya saengga bisa menehi pangaruh marang individu liya. Kanggo bisa luwih ngerten ikanthi apik, tulisan iki bakal njlentrehake tradhisi selapanan bayi lumantar patang konsep teori tindakan sosial Max Weber, yaiku tindakan tradhisional, tindakan afektif, tindakan rasionalitas instrumetal lan rasionalitas nilai. Saka anane patang konsep kasebut duweni model lan kajian sing beda-beda. Mula saka kuwi bakal dijilentrehake siji mbaka siji ngenani sambung rakete konsep teori tindakan sosial Max Weber marang tradhisi selapanan bayi sing ana ing Desa Durungbedug Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo.

Kapisan, tumindak tradisional. Weber sajrone George R & Douglas J. Godman (2016:137) tegese tumindak tradhisional yaiku salah sawijine tumindak sing ditemtokake dening cara tumindake aktor sing wis biyasa utawa sing wis lazam dilaksanakake. Miturut teori tindakan sosial Max Weber iki kabeh tumindake manungsa ditemtokake marang pakulinan-pakulinan sing wis dadi pakulinan kanthi turun tinurun lan isih dilestarikake saka siji generasi menyang generasi sabanjure. Miturut tradhisine wong Jawa, kabeh masarakat kudu tetap dadi pemerhati adat lan budaya sajrone njaga kalestarenane tradhisi, mligine njaga tradhisi wsing wis diwarisake dening para leluhur sing duweni peran wigati sajrone lestarine tradhisi ngantri jaman samangke. Nglestarekake apa sing wis dilaksanakake dening para leluhur minangka salah sawijine babagan sing wigati amarga ing kene ana nilai-nilai historis lan nilai budaya sing bisa dijupuk lan didadekake minangka nilai moral kanggo ngetrepake marang generasi jaman saiki lan generasi jaman samangke.

Sajrone suku Jawa dhewe, upaya kanggo njaga tradhisi wis akeh dilaksanakake kanggo tetep ngugemi warisan saka para leluhur. Biyasane upaya kanggo njaga tradhisi iki saben klompok masarakat duweni maneka werna cara kanggo diuntabake. Mula saka kuwi kita bakal nyawang kaya ngapa upaya sing dilaksanakake dening Desa Durungbedug kango tetep nglestarekake tradhisi-tradhisi sing wis ana sadurunge. Model sing dilaksanakake masarakat Desa Durungbedug kanggo nglestarekake adat lan budaya yaiku kanthi cara tetap nglaksanakake pakem lan bakune tatalaku, ubarampe, lan piranti sing wis diwarisake dening para leluhur. Saliyane iku, upaya kanggo nglestarekake tradhisi ing Desa Durungbedug kanthi tetap nglaksanakake tradhisi selapanan bayi. Tradhisi selapanan bayi iki saliyane minangka medhia donga marang Gusti kang Kuwasa, uga dadi salah sawijine pakurmatan marang para leluhur sing duwe peran wigati marang kalestarenane tradhisi. Nganalisis tradhisi selapanan bayi nggunakake teori tindakan tradhisional, kita bisa ngaweruhi ngenani motif lan ancas sing dilaksanakake dening masarakat Desa Durungbedug nalika

nglaksanakake tradhisi selapanan bayi, yaiku pengin njaga lan nglestarekake tradhisi sing wis dilaksanakake kanthi turun tinurun dening Desa Durungbedug Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo.

Kapindho, tumindak afektif. Weber sajrone George R & Douglas J. Godman (2016:137) tegese tumindak afektif yaiku sawijine tumindak sing ditemtokake dening kondisi emosionale aktor. Miturut teori iki, terus orane sawijine tumindak iku ditemtokake dening kahanan-kahanan lan orientasi-orientasi emosional pelaku. Sajrone pembahasan iki mengko bakale bisa ngaweruh kaya ngapa sikap emosional iki duweni peran sing wigati marang para subjek tradhisi. Tradhisi kasebut dilaksanakake merga pengin niru tradhisi saka para leluhur ing Desa kasebut. Dadi rasa emosional kanggo ngugemi tradhisi tradhisi para leluhure Desa ora bisa ilang saka prasaane para subjek tradhisi. Amarga yen disawang saka historis utawa sejarahe, para leluhur Desa iki duweni peran sing wigati banget, salah sawijine yaiku ngawa melbune tradhisi ing Desa Durungbedug iki saengga kita bisa ngrasakake endahing tradhisi nganti jaman saiki sing bisa terus urip lan ngrembaka. Anane pemahaman kanggo nglestarekake lan ngajeni warisan para leluhur agawe masarakat Desa Durungbedug nglairake sawijine tumindak sing kanthi cara emosional iki bisa ngiket para subjek tradhisi kanggo terus nglestarekake budaya-budaya sing wis dilaksanakake sadurunge dening para leluhur.

Nalika proses lumakune tradhisi selapanan bayi, saliyane anane sikap emosional saka masarakat Desa Durungbedug kasebut, babagan iki uga ora bisa ilang saka perane para sesepuh Desa sing dianggep lan diprecaya dening masarakat sajrone njlentrehake pesan-pesan sing bisa mujudake emosional saka masarakat supaya tetep nduweni cara pandang sing becik marang jasa-jasane para leluhur. Babagan iki bisa disawang saka tatalaku sarta ubarampe sing digunakake sajrone lumakune proses tradhisi selapanan bayi. Dadi, lumantar teori tumindak afektif iki kita bakal ngaweruh kaya ngapa peran sikap emosional saka lumakune para subjek, yaiku kanthi nyawang marang rong aspek. Aspek kapisan nyaiku tokoh sing diprecaya duweni kabecikan. Aspek kapindho yaiku sikap emosional sing tuwuhanalika negesi maknane wektu titi laksana sing uga diprecaya ngemot bab sing mirunggan ngenani nilai budaya simbolik kanggo ngundhakake kualitas tradhisi lan dadi salah sawijine pendhidikan kang luhur.

Katelu yaiku rasionalitas sarana-ancas. Miturut Weber sajrone George R & Douglas J. Godman (2016:137) tegese rasionalitas sarana-ancas yaiku tumindak sing ditemtokake dening pangarepan marang lumakune objek sajrone lingkungan lan tumindak manungsa liya.

Weber njlenrehake yen pangarepan iki digunakake minangka syarat utawa medhia kanggo nggayuh ancase aktor lumantar upaya lan petungan sing rasional. Kanggone teori iki yaiku supaya kita bisa ngaweruhi kaya ngapa tradhisi sing dilaksanakake dening masarakat Desa Durungbedug ora ilang saka pamikiran sadar dene masarakat kuwi duweni kapasitas utawa kawasiswaan kanggo nglaksanakake. Tegese yaiku kangg nglaksanakake lan nglestarekake tradhisi selapanan bayi saengga bisa lumaku lan ngrembaka nganti jaman saiki, masarakat wis mikir kanthi sadar lan rasional dene pancen dheweke duweni kapasitas kanggo nglaksanakake, bisa saka segi sumber daya manungsane utawa saka segi aspek sing liyane sing duweni peran wigati kanggo didadekake minangka landasan pamikiran dene tradhisi kasebut bisa dilaksanakake. Disawang saka tradhisi selapanan bayi sing ana ing Desa Durungbedug iki nganti jaman saiki tradhisi iki isih tetep dijaga lan dilestarekake dening masarakat Desa mligine para sesepuh Desa. Salah sawijine alasan sing bisa diweruhi nalika nggunakake teori rasionalitas sarana-ancas yaikuamarga saka kapasitas sadar dene masarakat Desa kasebut duweni utawa wis sedya sumber daya kanggo mujudake. Bisa saka sumber daya manungsane, yaiku para sesepuh Desa, tokoh masarakat sarta aspek finansiale kayata wis sedyane sumber dana kanggo nunjang proses lumakune tradhisi kasebut ig sadurunge utawa sawise tradhisi kasebut dilaksanakake.

Saka aspek sumber daya manungsane kanthi rasional masarakat Desa kasebut bisa nglaksanakake lan ngupayakake sarta njaga lestarine tradhisi kasebut kanthi menyang generasi sabanjure. Nalika dilaksanakake tradhisi selapanan bayi, ora ana kepengurusan khusus sajrone lumakune proses tradhisi kasebut, ananging sesepuh namung dadi pengontrol lumakune tradhisi kayata saka proses lan ubarampene sesuai pakem sing wis diwarisake dening para leluhur jaman dhisik. Sawetara ana ing tahap titi laksanane, subjek tradhisi bisa nggandeng masarakat liya kanggo turut andil sajrone acara kasebut, tuladhane yaiku nalika prosesi pencukuran rambut bayi dilaksanakae kanthi genti genten wiwit saka sesepuh kulawargane banjur diterusake menyang para dhayoh sing wis teka ingadicara tradhisi selapanan kasebut. Saliyane saka aspek sumber daya manungsane, kanthi finansiale pancen masarakate uga duweni kapasitas kanggo nglaksanakake tradhisi selapanan bayi kasebut. Saka segi finansial kanggo prosesi tahap awal titi laksana kanthi gawe informasi sing apik lumantar medhia cetak arupa undangan. Sawetara nalika proses lumakune tradhisi tuladhane kanthi menehi suguhan utawa berkatan marang para sanak dulur lan dhayoh sing wis teka. Kanthi nganalisis tradhisi selapanan bayi nggunakake teori rasionalitas sarana-ancas, kita bisa ngaweruhi kaya ngapa tradhisi kasebut isih bisa terus dijaga lan dilestarekake. Sawise

diweduhi dene panceun para subjek tradhisi kanthi rasional dheweke sadar wis duweni kapasitas kanggo nglaksanakake, bisa saka segi aspek sumber daya manungsane utawa sumber finansiale sing diduwensi dening masarakat Desa Durungbedug Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo kasebut.

Kapapat yaiku rasionalitas nilai. Miturut Websajrone George R & Douglas J. Godman (2016:137), rasionalitas nilai yaiku tumindak sing ditemtokake dening kapitayan sing sadar marang nilai tumindak-tumindak etis, estetis, religius utawa wujud tumindak liya sing ora ana sambunge marang prospek kasile. Tegese nilai-nilai sing pengin digoleki kayata nilai budaya, pendhidikan utawa religi nalika dheweke nglaksanakake sawijine tumindak. Sajrone konteks iki, nilai dadi parameter wigati sing pengin diolehhake dening pelaku tradhisi. Miturut salah sawijine *informan*, sajrone tradhisi selapanan bayi sing dilaksanakae dening masarakat Desa Durungbedug yaiku minangka upaya kanggo niru tumindake para leluhur Desa mligine leluhur Jawa.

Sajrone konteks iki tumindake para leluhur Desa minangka model kanggo para subjek tradhisi lan dadi sawijine babagan sing disenengi. Mula saka kuwi dheweke pengin mujudake kanthi niru samubarang wujud amalan-amalan para leluhur Jawa mligine leluhur Desa. Banjur sajrone bab iki sing dilaksanakake dening masarakat yaiku nglaksanakake tradhisi selapanan bayi kanthi rutin, tegese yen saben ana bayi sing wis ngancik yuswa telung puluh lima dina. Saliyane nerusake utawa niru tradhisi-tradhisi saka sing wis dilaksanakake dening para leluhur Jawa mligine leluhur Desa, masarakat Desa Durungbedug uga rumengsepi nilai-nilai sing inandhut kanggo niru para leluhur sing wis kajamin saka tumindak utawa pakulinan sing dilaksanakake dening para leluhur, kayata kanthi gunakake ubarampe lan piranti wajib sing digunakake nalika prosesi tradhisi selapanan bayi. Teori rasionalitas nilai iki digunakake supaya kita bisa ngaweruhi apa sing dilaksanakake dening masarakat Desa Durungbedug, yaiku pengin njupuk donga lan hikmah sajrone makna simboli sing ana sajrone saben ubarampe lan piranti sing digunakake. Amarga saben ubarampe sing digunakake kasebut duweni makna simbolik sing ngandut nilai-nilai sosial budaya, nilai pendhidikan uga nilai religi. Saka babagan iki bisa dimangertenin dene sawijine nilai duweni peran sing wigati minangka pangiket para subjek tradhisi kasebut kanggo tetep njaga lan nglestarekake adat budaya.

## DUDUTAN

Para leluhur kita mligine leluhur Jawa duweni peran sing wigati banget tumrap pangrembakane adat lan budaya saengga akeh saka wong suku Jawa sing maringi

pakurmatan. Cara nganggo maringi pakurmatan kasebut uga maneka werna kanthi ekspresi sing maneka werna uga. Ana sing niru elmu jawane, ana sing niru samubarang wujud tumindak banjur didadekake tuladha kanggo ngontrol solah bawane. Salah sawijine wujud tradhisi pakurmatan marang para leluhur sing dilaksanakake dening masarakat Desa Durungbedug yaiku saben ana bayi sing yuswane wis ngancik telung puluh lima dinamesti dilaksanakakeadicara tradhisi selapanan bayi kanthi ngugemi pakem-pakem saka tatalaku lan ubarampe sajrone prosesi tradhisi selapanan bayi.

Nilai budaya sing bisa dijupuk saka sakabehe anane ubarampe ing ndhuwur yaiku kapisan supaya kita bisa luwihi ngajeni tumrap para leluhur kita merga yen ora ana para leluhur, kita uga bakal ora ana. Kapindho yaiku ngati-ati yen saben tumindak merga kita minangka manungsa urip sesandhingan arang bebrayan lan makhluk liyane. Nilai budaya sing pungkasan yaiku saakeh-akehe tradhisi, budaya lan mitos sing ana sajrone panguripan kabeh tetap bali menyang kuwasane Gusti kang Maha Kuwasa supaya ora nganti nekakake ati kang musyrik.

Motif lan ancas saka anane tradhisi kasebut kang kapisan adhedaras tipe tumindak tradhisional yaiku masarakat Desa Durungbedug pengin nglestarekake tradhisi sing wis wiwit dhisik dilaksanake dening leluhur Jawa mligine leluhur Desa Durungbedug. Kapindho tumindak afektif, nuduhake dene subjek utawa pelaku duweni utawa kaiket emosi turap para leluhur lan uga kaiket emosional tumrap wektu nalika masarakat nglaksanakake yaiku nalika bayi wis ngancik yuswa telung puluh lima dina. Katelu, rasionalitas sarana-ancas, ing kene wis cetha yen kanthi rasional masarakat Desa Durungbedug bisa nglaksanakake tradhisi kasebut amarga duweni kapasitas, bisa saka segi sumber daya manungsa uga aspek finansial. Kapapat, rasionalitas nilai, masarakat Desa Durungbedug pengin ngugemi nilai-nilai budaya, nilai estetis, nilai pendhidikan lan nilai religi sing sinandhi sajroneadicara tradhisi selapanan bayi. Saliyane iku masarakat uga pengin oleh guna utawa manfaat kanthi cara niru lan nglestarekake tradhisi saka para leluhur Jawa mligine leluhur Desa Durungbedug Kecamatan Candi Kabupaten Sidoarjo.

## DHAPTOR PUSTAKA

Ambarwati, Alda Putri Anindika, & Indah Lyllys Mustika. *Pernikahan Adat Jawa Sebagai Salah Satu Kekuatan Budaya Indonesia*. (Jurnal Universitas Veteran Bangun Nusantara, 2018), 18.

Anwar. Y & Adang (2013). *Sosiologi untuk Universitas*. Bandung: PT Refika Aditama.

Badan Pusat Statistik. 2016. *Kecamatan Candi dalam Angka*.

- Basrowi & Suwandi. (2008). *Memahami Penelitian Kualitatif*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Fusvita, E. (2019). *Interaksi Simbolik Tradisi Selapanan Masyarakat Jawa Muslim pada Kehidupan Sosial di Desa Kuripan Kecamatan Penengahan Lampung Selatan*. Doctoral dissertation, UIN Raden Intan Lampung.
- Hartika, W., Syah, I., & Wakidi, W. (2016). *Makna Tradisi Selapanan pada Masyarakat Jawa di Desa Gedung Agung*. Pesagi (Jurnal Pendidikan dan Penelitian Sejarah), 4(2).
- Moleong, L. J. (2005). *Metodologi Penelitian Kualitatif*, Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Muhaimin, A. G. (2001). *Islam dalam Bingkai Budaya Lokal: Potret dari Cirebon*. Jakarta: PT. Logos Wacana Ilmu.
- Weber, Max. (1974) . *The Theory Of Social and Economic organization*. New York: Oxford University Press.
- Pintenate, A., & Bukhari, B. (2017). *Pacuan Kuda dalam Kajian Sosiologi (Suatu Penelitian di Kabupaten Bener Meriah)*. Jurnal Ilmiah Mahasiswa Fakultas Ilmu Sosial & Ilmu Politik, 2(2), 907-926.
- Pramana, J. (2013). *Nilai Pendidikan Religi pada Upacara Selapanan dalam Tradisi Adat Jawa (Studi Kasus di Desa Talang Kecamatan Bayat Kabupaten Klaten)*. Doctoral dissertation, Universitas Muhammadiyah Surakarta.
- Purwadi. (2005). *Upacara Tradisional Jawa, Menggali Untaian Kearifan Lokal*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Poerwadarminta, W. J. S. (1984). *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka
- Rendra, W. S. (1984). *Mempertimbangkan Tradisi*. Jakarta: Gramedia.
- Rianto, Puji. (2020). *Modul Metode Penelitian Kualitatif*. Yogyakarta: Penerbit Komunikasi UII.
- Ritzer, G. (2012). *Teori Sosiologi: dari Sosiologi Klasik sampai Perkembangan Terakhir Postmodern*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar, 11, 25.
- Sarosa, Samiaji. (2021). *Analisis Data Penelitian Kualitatif*. Yogyakarta: PT Kanisius.
- Siregar, F.R. (2017). Nilai-Nilai Budaya Sekolah dalam Pembinaan Aktivitas Keagamaan Siswa SD IT Bunayya Padangsidimpuan. *Jurnal Kajian Gender Dan Anak*, 1(1).
- Suwendra, I. W. (2018). *Metodologi Penelitian Kualitatif dalam Ilmu Sosial, Pendidikan, Kebudayaan dan Keagamaan*. Nilacakra.
- Sastro, U. S. (2005). *Upacara Daur Hidup Adat Jawa*. Semarang: Efhar Offset
- Wijaya, H. H. (2019). *Analisis Data Kualitatif*. Sekolah Tinggi Theologia Jaffary.